

Rezime plan amelyorasyon lekòl la pou lane 2017-2018

Misyon ak vizyon lekòl la: Deklarasyon misyon: Alexander D. Henderson University School/FAU High School gen yon misyon ki divize an twa nivo: (1) pou se yon espas eksperimantal pou fòmasyon pwofesè yo; (2) pèmèt prepare pwogram etid jeneral yo; epi (3) pou kapab fè rechèch (F.S. 228,053). Deklarasyon vizyon: Alexander D. Henderson University School/FAU High School (ADHUS/FAUHS) se yon modèl nasyonal ki se yon egzanp pou sistèm lekòl yo ak pwogram yo ki la pou prepare pwofesè pou kapab amelyore koze edikasyon an pou diferan kategori elèv pa mwayen rechèch ak pwogram etid jeneral ki kreyatif epi ki devlope nan fakilte.

Objektif estratejik 1: Pwofesè yo pral itilize estrateji ki vrèman bay rannman yo tankou Thinking Maps (òganizatè grafik) ak Google Infused Classrooms (klas ki konbine ak teknoloji) pou ka rann refleksyon elèv yo vizib epi ogmante kolaborasyon yo pou rive atenn objektif kote 90% nan elèv yo pral manifeste plis metriz nan evalyasyon eta a pou syans.

Resous ki disponib pou sipòte objektif la: Liv pou devlopman pwofesyonèl (PD), tan pandan jou PD yo pou PLC yo, sipò ant kamarad atravè PLC yo, obsèvasyon nan klas epi preparasyon plan pou kwasans pwofesyonèl (PGP) yo.

Baryè ki sible yo pou kapab rive atenn objektif la

- Tan pou planifye nan Kominote pou Aprantisaj Pwofesyonèl (PLC) yo oswa nan gwoup klas yo.

Rezon estrateji a

- Fleksibilite pou travay nan met tèt ansanm

Demach pou aksyon yo

- Bay tout ekip la fòmasyon ak zouti pou konsantre sou estrateji pou ogmante rannman elèv yo.
- Bay ekip la tan pandan jounen an ak pandan jou PD yo pou kapab rankontre ak PLC yo.
- Bay ekip la asirans pou kapab planifye ak ekip yo oswa obsève kamarad yo nan itilize estrateji ki la pou bay bon rannman yo.

Objektif estratejik 2: Nou pral bay pwofesè yo devlopman pwofesyonèl ki kontini nan itilize pwogram teknolojik yo sible yo ak estrateji pou reponn ak bezwen endividyèl elèv yo. Nou kontinye bay aksè ak aparèy endividyèl pou elèv yo ki ogmante opòtinite pou aprantisaj konbine ak ansèyman ki sible yo ki bay 77% nan yon ka elèv ki nan ranje ki pi ba a ki rive fè pwogrè nan aprantisaj nan evalyasyon ELA eta a.

Resous ki disponib pou sipòte objektif la: Fòmasyon – yon ansanm platfòm ak tan, aparèy 1:1 nan klas 2yèm ak klas pi avanse, tan pou planifikasyon ki la pou sa, aktivite teknolojik nan jou jedi yo.

Baryè ki sible yo pou kapab rive atenn objektif la

- Plizyè nivo metriz kay pwofesè yo nan sèvi ak pwogram teknolojik yo ak aparèy yo.

Rezon estrateji a

- Pou ka abòde bezwen tout ekip la.

Demach pou aksyon yo

- Monitè yo pral travay ak pwomotè ekip yo pou pwograme fòmasyon fas a fas pou nouvo pwogram yo epi prepare aktivite pou ka fè suivi epi pou sipòte devlopman pwofesyonèl ke yo te bay deja yo.
- Kreye opòtinite pou ekip la travay ak pwogram yo epi sa ki ladan yo pandan PLC yo, rankont ak gwoup klas epi aktivite teknoloji nan jou jedi yo.
- Bay pwofesè yo sipò nan egzaminen done elèv ki disponib yo pou pèmèt pran desizyon sou ansèyman atravè tablo done yo.
- Fè atelye pou paran yo sou estrateji ansèyman ak teknolojik pou ka sipòte aprantisaj elèv yo lakay.
- Achte aparèy endividyèl yo pou sipòte ansèyman endividyèl pwofesè klas la bay.